

Politik Kredi ak Rekouvremant

Objektif

Politik Kredi ak Rekouvremant sa a dekri pratik bòdwo, kredi ak rekouvremant ki aplikab pou pasyan Sosyete Lopital pou Timoun (Children's Hospital Corporation) sou non Boston Children's Hospital ("Lopital" la). Politik Kredi ak Rekouvremant sa a aplike avèk yon lis pratik Lopital la, lis anplasman ak lòt kote ki bay Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman ki disponib jan Politik Kredi ak Rekouvremant sa a dekri l la. Anplis, kèk nan dispozisyon Politik Kredi ak Rekouvremant sa a, jan nou idantifye yo espesifikman nan Politik Kredi ak Rekouvremant sa a, aplike a sèvis nou bay nan diferan sit Lopital la oswa nan diferan sit Fondasyon Doktè Lopital la ("Fondasyon" yo) kote klinisyen Fondasyon an bay sipò administratif ak pèsonèl apati Lopital la. Politik sa a pa aplike ak Boston Children's Health Solutions, Rx, LLC ki ap fè biznis sou non Boston Children's Pharmacy oswa ak nenpòt medikaman Boston Children's Pharmacy distribiye.

Deklarasyon Politik Jeneral

1. Lopital la ak Fondasyon yo pran angajman pou yo sèvi resous pou timoun ki bezwen swen, kèlkeswa kapasite yo pou peye.
2. Politik Kredi ak Rekouvremant sa a aplike a tout Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman (jan nou defini li pi ba a) Lopital la bay. Anplis, kèk nan dispozisyon Politik Kredi ak Rekouvremant sa a aplike a Sèvis ki Nesesè Medikalman Fondasyon yo bay nan kèk sit Fondasyon. Pwosedi estetik ki fakiltatif pa fè pati Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman.
3. Lopital la ap bay tout pasyan Sèvis Ijans san diskriminasyon ki chita sou ras, koulè, orijin nasyonal, sitwayènte, sityasyon yo kòm etranje, relijyon, kwayans, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, laj, andikap oswa sityasyon yo kòm Pasyan ki Pa gen Gwo Revni (nou defini pi ba a), epi li ap aplike politik ak pwosedi nou dekri nan Politik Kredi ak Rekouvremant sa a san diskriminasyon. Lopital la entèdi tout mannèv ki ta dekouraje moun chèche Sèvis Ijans, tankou mande pasyan ki nan Depatman Ijans peye anvan yo resevwa tretman pou Pwoblèm Medikal Ijan oswa pèmèt aktivite rekouvremant ki entèfere ak dispozisyon, san diskriminasyon, Sèvis Ijans lan.
4. Lopital la ak Fondasyon yo, an konfòmite ak Politik Èd finansyè yo a, ap ede pasyan/Garan (nou defini pi ba a) finalize pwosesis demann pou Pwogram Swen Sante Piblik ki disponib (nou defini pi ba a), tank sa posib.

5. Lopital la ak Fondasyon yo kapab bay pasyan ki reponn a kritè kalifikasyon yo dekri nan Politik Èd finansyè yo a èd finansyè.
6. Lopital la ak Fondasyon yo ap (a) evite fè manèv pou ranmase lajan pou Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman (nou defini pi ba a) nan men pasyan mezi rekouvremman nan kad Politik Kredi ak Rekouvremman sa a pa konsène (b) ranbouse tout rekouvremman yo resevwa nan men pasyan sa yo pou Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman; epi (c) pataje enfòmasyon ant yo menm
Tout dwa rezève
konsènan asirans pasyan yo ak kalifikasyon yo pou pwogram piblik oswa pwogram Lopital.
7. Lopital la ak Fondasyon yo kapab elaji kad rabè apa sa ki disponib yo nan kad Politik Èd finansyè yo a, ka pa ka, pou yo kapab konsidere ka eprèv finansye espesyal, an konfòmite ak Politik Kredi ak Rekouvremman sa a ak Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans yo a.

Definisyon

Montan Nou Takse Jeneralman (Amounts Generally Billed (AGB)): Montan nou takse jeneralman pou Sèvis ki Nesesè Medikalman pou moun ki gen asirans ki garanti Sèvis ki Nesesè Medikalman sa yo. Nou ap itilize "Metòd Retwospeksyon" an pou kalkile AGB, ak jan nou dekri sa plis an detay nan Politik Èd finansyè Lopital la, nan atik ki gen tit "Limitasyon Frè".

Revni Kontab: Jan nou defini li nan Règleman Health Safety Net.

Sèvis Kalifye: Frè Lopital oswa frè Sant Sante Kominotè Health Safety Net ki kalifye pou pèman an konfòmite ak Règleman Health Safety Net.

Pwoblèm Medikal Ijan: Yon pwoblèm medikal, fizik oswa mantal, ki manifeste sou fòm sentòm ki grav ase, tankou gwo doulè, ki pou ta fè, selon bon rezònman, ou atann ou yon pwofàn ki pridan ki gen ti konesans nan sante ak medsin atann li absans swen medikal rapid ka mete sante moun nan ak pa lòt moun an danje yon fason ki grav, li kapab deteryore fonksyon kòporèl moun nan yon fason ki grav oswa pwovoque yon disfonksyonman grav nan tout ògàn kò li oswa nan yon pati nan ògàn kò li oswa, si se yon fi ki ansent, jan nou defini sa an detay nan Atik 42 USC 1395dd(e)(1)(B).

Sèvis Ijans: Sèvis ki Nesesè Medikalman nou bay yon moun ki gen yon Pwoblèm Medikal Ijan.

Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level (FPL)): Limit revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (United States Department of Health and Human Services) pibliye.

Garan: Yon moun oswa yon gwoup moun, tankou paran yon pasyan, responsab legal li ak lòt manm fanmi li, pou nou site yo menm sèlman, ki reponn pou peye tout frè sèvis Lopital la oswa Fondasyon yo oswa peye yon pati nan frè yo.

Health Safety Net: Pwogram pèman nou etabli epi administre an konfòmite ak M.G.L. c.188E, Atik 65.

Règleman Health Safety Net: Règleman ki enonse nan 101 CMR 613.00, ak Sekans

Rezidan Massachusetts: Yon rezidan Commonwealth of Massachusetts ki reponn a kritè nou enonse nan 130 CMR 503.002.

Revni Brit Ajiste Modifye (Modified Adjusted Gross Income (MAGI))

MassHealth: Revni Brit Ajiste Modifye nou itilize pou detèmine kalifikasyon pou MassHealth, ak peryòd aplikab pou mezire revni MAGI pou detèmine kalifikasyon pou MassHealth, men se pa sa sèlman.

Eprèw Medikal (Medical Hardship): Yon tip kalifikasyon Health Safety Net ki disponib pou rezidan ki nan Massachusetts, kèlkeswa nivo Revni Kontab yo ki gen frè medikal kalifye ki redui Revni Kontab yo oswa Revni Kontab yon Garan nan pwèn li pa kapab peye pou Sèvis Kalifye, jan nou dekri sa nan 101 CMR 613.05.

Sèvis ki Nesesè Medikalman: Sèvis lojikman ki ta dwe fè prevansyon, fè dyagnostik, anpeche kondisyon ou agrave, soulaje, korije oswa geri maladi ki mete lavi ou an danje, ki fè ou souffri oswa ba ou doulè, ki ba ou defòmasyon oswa disfonksyonman fizik, ki menase ba ou yon andikap oswa agrave li, oswa ba ou yon maladi oswa enfimite.

Sèvis Asirans pa Garanti: Sèvis Asirans pa Garanti se sèvis (a) ki pa fè pati sèvis avantaj/kalifye asirans garanti nan kad Plan Sante Prive pasyan an oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik, epi ki se sèvis kote pasyan an gen responsabiltè pou peye pwofesyonèl ki ofri sèvis sa yo; (b) ki fè pati sèvis avantaj/kalifye asirans garanti men nou bay yo aprè pasyan an fin itilize tout avantaj Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik li a; oswa (c) sèvis yon pwofesyonèl ki pa nan rezo Plan Sante Prive pasyan an oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik bay. Sèvis Ijans pa fè pati Sèvis Asirans pa Garanti.

Responsabiltè Finansyèl Pasyan: Tout kotizasyon, kowasirans ak franchiz pasyan/Garan an dwe peye nan kad kondisyon Plan Sante Prive a oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik la pasyan enskri ladan an oswa kalifye pou li a.

Plan Sante Prive: Pwoteksyon pou sèvis swen sante nou bay nan asirans sante, plan sante oswa yon lòt pwoteksyon nan tout lòt plan, fon oswa fidisi sante, byennèt oswa lòt, nou etabli pou peye oswa regle sèvis swen sante nou bay moun ki enskri nan asirans, plan oswa pwogram sa a oswa ki kalifye pou yo, kèlkeswa fason an.

Afilye Pwofesyonèl: Pratisyen endividyèl, gwoup pratik ak lòt moun ak antite ki bay Sèvis Ijans ak lòt Sèvis ki Nesesè Medikalman nan Lopital la, ni nan klinik Lopital la ak tout sant sante Lopital la agreye. Gen yon lis Pwofesyonèl Afilye Lopital la ki disponib jan nou dekri sa nan Politik Kredi ak Rekouvremant sa a.

Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik: Pwogram yon Eta oswa gouvènman federal etabli pou peye oswa regle pèman sèvis swen sante pwoteje/kalifye nou bay moun ki reponn a kritè kalifikasyon pou pwogram. Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik se MassHealth, Health Safety Net, plan sibvansyon Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act) ofri, tankou plan ConnectorCare, Pwogram Asirans Sante pou Timoun (Children's Health Insurance Program (CHIP)), lòt pwogram Medicaid ak Medicare.

Lòt Finansman: Se lòt resous ak sous finansman pasyan/Garan an genyen, ki a dispozisyon li oswa ki nan avantaj li, yo kapab itilize pou peye swen pasyan, ni apati òganizasyon byenfezans, paran, zanmi oswa lòt moun, ak fon fidisyè (tankou fon ki disponib nan kad finansman 'crowdfunding' ak lòt metòd pou kolekte fon ki sanblab), pou site yo menm sèlman.

Swen Ijan: Sèvis ki Nesesè Medikalman Lopital la bay aprè yon pwoblèm medikal, ki fizik oswa mantal, ki manifeste sou fòm sentòm ki grav ase (tankou gwo doulè) prezante epi ki pou ta fè, selon bon rezònman, ou atann ou yon pwofàn ki pridan ki gen ti konesans nan sante ak medsin ta kwè absans swen medikal nan 24 èdtan ka mete sante yon pasyan an danje yon fason ki grav, li kapab deteryore fonksyon kòporèl li yon fason ki grav oswa pwovoke yon disfonksyonman grav nan tout ògàn kò li oswa nan yon pati nan ògàn kò li. Nou bay sèvis Swen Ijan pou pwoblèm sante ki pa reprezante yon menas pou lavi yon moun epi ki pa reprezante yon gwo risk domaj pou sante li. Sèvis fakiltatif pa fè pati sèvis Swen Ijan.

Klasifikasyon Sèvis/Repòte oswa Refize Sèvis

Moun kapab vini oswa fè yon moun reprezante yo pou tretman ki pa pwograme nan Depatman Ijans Lopital la, oswa yo kapab vini oswa fè yon moun reprezante yo sou Kanpis Prensipal Lopital la, epi mande yon egzamen oswa tretman pou sa ki ka yon Pwoblèm Medikal Ijan, oswa yo kapab fè yon moun fè demann sa a nan non yo. Nou ap konsilte tout pasyan ki vini pou Sèvis Ijans san nou pa pran pwoteksyon asirans pasyan an oswa kapasite li pou peye an kont, an konfòmite avèk Lwa Federal sou Tretman pou Ijans ak Travay (Emergency Treatment and Labor Act (EMTALA)). Aprè nou fin konsilte yon pasyan nan Depatman Ijans lan, doktè ki ap fè tretman nan Depatman Ijans lan klase sèvis yo kòm Sèvis Ijans oswa kòm Swen Ijan (dapre definisyon nou enonse pi wo a), oswa kòm Swen ki Pa Ijan.

Sèvis fakiltatif ak sèvis ki pwograme Pa Ijan, kidonk yo pa Sèvis Ijans ni Swen Ijan, nan kèlkeswa tip etablisman yo ofri sèvis sa yo. Lopital la itilize klasifikasyon sa yo pou detèmine pwoteksyon dèt nou pa rive rekipere nan ka ijans ak swen ijan nan Health Safety Net.

Lopital la entèdi tout mannèv ki ta ka dekouraje moun chache Sèvis Ijans, tankou egzije pasyan ki nan Depatman Ijans peye avan yo resevwa yon tretman pou Pwoblèm Medikal Ijan oswa otorize aktivite rekouvremman ki entèfere ak bay Sèvis Ijans, sans diskriminasyon.

Anplis, Lopital la p ap repòte tretman pasyan ki vini nan Sèvis Ijans oswa nan Swen Ijan oswa ki enskri nan yon Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik oswa refize yo tretman, pou rezon finansye senpleman. Lopital la gen tout dwa pou li refize yon pasyan Sèvis ki Pa Ijan oswa Swen ki Pa Ijan oswa repòte li, tankou nan sitiyaasyon kote pasyan/Garan an refize konfòme li ak egzijans depo oswa li an mank resous pou peye sèvis swa pa mwayen prive apati Lòt Finansman, epi li refize mande oswa itilize pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd Swen Sante Piblik ki disponib pou pasyan an oswa pasyan an kalifye pou yo, oswa li refize bay dokiman pou demann sa a(yo).

Pwosedi pou Kolekte Enfòmasyon Finansye Pasyan/Garan

- A. Jwenn Enfòmasyon:** Avan nou bay tout sèvis swen sante (sof pou ka Sèvis Ijans ak Swen Ijan), pasyan/Garan an dwe bay enfòmasyon presi atan sou pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik pasyan an ak/oswa kalifikasyon li pou pwoteksyon sa a; enfòmasyon demografik; chanjman sitiyasyon Plan Sante Prive a oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik la; enfòmasyon sou tout franchiz, kotizasyon ak ko-asirans li dwe an fonksyon pwoteksyon aktyèl pasyan an oswa lòt obligasyon pèman. Enfòmasyon detaye a kapab se:
1. Non konplè pasyan an, adrès li, nimewo telefòn li, imèl li, dat li fèt, nimewo sekirite sosyal li (si li genyen youn), pwoteksyon Plan Sante Prive a oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik aktyèl li, enfòmasyon sou sitwayènte ak kote li rezide, ak resous finansye pasyan/Garan an yo kapab itilize pou peye swen pasyan an;
 2. Non konplè Garan pasyan an, adrès li, nimewo telefòn li, imèl li, dat li fèt, nimewo sekirite sosyal li (si li genyen youn), pwoteksyon Plan Sante Prive a oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik aktyèl li, ak resous finansye pasyan/Garan an yo kapab itilize pou peye swen pasyan an; ak
 3. Lòt resous yo kapab itilize pou peye swen pasyan an, tankou Lòt Finansman, lòt pwogram asirans, polis asirans machin oswa pwopriyetè kay si tretman an se pou aksidan, pwogram endamnite travayè ak polis asirans etidyan, pou nou site sa yo sèlman.
 4. Dokiman ki pwouve enfòmasyon nou dekri pi wo a.

Lè pasyan an pa bay enfòmasyon yo oswa verifikasyon akseptab sou enfòmasyon yo nan moman yon admisyon oswa nan moman yo pwograme yon vizit pou pasyan ekstèn, nou ap fè tantativ youn dèyè lòt pou pran enfòmasyon ki nesèsè yo, apati sèvis aprè egzeyat/sèvis aprè.

- B. Moman pou Kolekte Done:** Pwen ki ba yo idantifye moman kote nou kapab eseye pran enfòmasyon sa yo ak kilès ki ap pran yo:
1. **Pandan nou ap planifye yon Admisyon oswa Vizit pou Pasyan Ekstèn:** Kabinè medikal la oswa manm pèsònèl Lopital la ki planifye sèvis la ap mande enfòmasyon finansye.
 2. **Pandan Verifikasyon Enfòmasyon sou Pasyan:** Pèsònèl Sèvis Finansye pou Pasyan, pèsònèl klinik medikal oswa pèsònèl Lopital ki ap verifiye enfòmasyon sou pasyan an avan sèvis kapab mande enfòmasyon finansye, si sa nesèsè.
 3. **Jou Admisyon/Peryòd Sèvis; pandan Tan Entènè Lopital la; nan Moman Egzeyat; ak Aprè Egzeyat/Après Peryòd Sèvis:** Sèvis Finansye pou Pasyan, Kòdonatè Swen Pasyan, oswa Jesyonè Swen, si sa aplikab. Lè gen dout sou nenpòt aspè nan enfòmasyon finansye pasyan/Garan an, yo ka refere pasyan/Garan an bay Sèvis Finansye Pasyan pou klarifye enfòmasyon an. Pwosesis sa a aplikab ni pou sèvis regilye ni pou Sèvis Ijans (kou sa posib lojikman aprè yo fin bay sèvis la oswa aprè admisyon an, an konfòmite avèk EMTALA).
 4. **Sèvis Ijans:** Pèsònèl anrejistremman nan Depatman Ijans ap entèwoje pasyan an epi verifiye tout enfòmasyon nesèsè sou pasyan ak finans, kou

règleman EMTALA yo pèmèt sa. Nou ap mande enfòmasyon nou pa t jwenn nan moman sèvis oswa admisyon lè nou pran kontak ak pasyan/Garan an ak lè nou pale ak pasyan an pandan ospitalizasyon li, oswa nan moman egzeyat si tout lòt tantativ echwe. Si pasyan/Garan an otorize sa, nou ap pran kontak ak lòt moun pou nou jwenn enfòmasyon pou evalye kapasite pasyan/Garan an pou peye sèvis nou bay yo.

Anplis, pasyan/Garan yo kapab itilize pòtay pasyan Lopital la oswa youn nan kyòs anrejistremant Lopital la ki nan divès sektè nan Lopital la pou bay enfòmasyon.

C. Verifikasyon Lopital la konsènan Enfòmasyon Finansye Pasyan an:

Pèsonèl Sèvis Finansye pou Pasyan, pèsonèl administratif depatman klinik, oswa Kòdonatè Swen Pasyan yo ap fè efò rezonab ak dilijans pou verifye enfòmasyon finansye pasyan an bay kou sa posib aprè pasyan an fin bay yo, jouk nan moman egzeyat oswa nan moman nou ap bay yon pasyan ekstèn sèvis. Pou sèvis nou bay yon pasyan ki pa sou asirans, pèsonèl Sèvis Finansye pou Pasyan an ap verifye si pasyan an kalifye pou MassHealth, ConnectorCare, oswa lòt pwogram Èd pou Swen Sante Piblik oswa si li te fè yon demann pou pwogram sa yo apati sistèm verifikasyon pwogram MassHealth ak/oswa Biwo Egzekitif Sèvis Sante ak Sosyal Massachusetts la. Si nou pa kapab verifye enfòmasyon yo avan moman egzeyat la oswa nan moman nou ap bay yon pasyan ekstèn sèvis, Depatman Sèvis Finansye pou Pasyan an oswa ajan li kapab eseye verifye enfòmasyon yo pandan pwosesis bòdwo ak rekouvremant an.

Efò rezonab ak dilijans Lopital la pou li verifye enfòmasyon pasyan an se ap mande enfòmasyon sou pwoteksyon pasyan an ak kalifikasyon li pou pwoteksyon; verifye tout baz done plan sante piblik oswa prive ki disponib; verifye responsabilite yon peyè nou rekonèt; soumèt tout plan sante responsab nou idantifye reklamasyon, epi konfòme li ak egzijans bòdwo ak otorizasyon plan sante sa yo, epi pran rekou kont yon reklamasyon asirè a refize peye lè li dwe peye sèvis la oswa yon pati ladan li.

Lopital la ap fè efò rezonab ak dilijans tou pou mennen ankèt pou konnen si yon resous yon lòt enstans kapab responsab sèvis Lopital la bay, ki se, men se pa sa yo sèlman: (1) yon polis asirans responsabilite sivil veyikil oswa kay, (2) polis jeneral pwoteksyon kont aksidan oswa blesi kòporèl, (3) pwogram dedomajman travayè, ak (4) polis asirans pou etidyan, pami anpil lòt. Kou Lopital la idantifye resous yon lòt responsab pou tout sèvis pwogram Health Safety Net peye, Lopital la ap retounen pèman sa a bay pwogram Health Safety Net la. Lopital la ap enfòme pasyan yo konsènan responsabilite yo pou yo enfòme Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik ki apwopriye a konsènan tout chanjman revni oswa sitiyasyon asirans.

D. Pataj Enfòmasyon/Transfè Avantaj Nou kapab mande pasyan/Garan an siyen yon transfè avantaj oswa yon sous pèman lòt enstans (paregzanp, pèman apati move zak) dirèkteman bay Lopital la pou sèvis li bay, ak yon otorizasyon pou pataje enfòmasyon si sa nesèsè pou fè transfè avantaj sa yo. Otorizasyon an dwe deklare pasyan/Garan an kapab responsab pou peye frè transfè a pa garanti tou.

E. Konfimasyon Responsabilite Finansye pou Sèvis Asirans Pa

Garanti: Lè nou pa resevwa yon otorizasyon Plan Sante Prive pasyan an, Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik, oswa lòt enstans ki responsab pou peye avan nou bay sèvis, oswa lè pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante

Piblik pasyan an pa garanti yon sèvis tankou lè Lopital la oswa doktè a pa yon pwofesyonèl yon rezo nan kad pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik pasyan an, men se pa sa yo sèlman, nou ap mande pasyan/Garan an siyen yon deklarasyon ki di li rekonèt nou te enfòm li konsènan absans otorizasyon nou mande a oswa mank pwoteksyon pou sèvis yo, epi nou ap enfòm li sou responsabiltè finansye li pou sèvis nou detèmine ki se Sèvis Asirans Pa Garanti finalman an.

Si yo deside, a nenpòt moman pandan tretman pasyan an, pasyan/Garan an pa kapab peye, nou ap oryante pasyan/Garan ki pa kapab peye a nan sèvis nou bay yo kot konseye finansye Lopital la pou ede li idantifye Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik li ta kapab jwi, ak tout pwogram èd finansyè ak/oswa rabè li ta kapab jwi.

Pèman

An jeneral, lè Lopital la bay yon bòdwo, li ap tann pèman anplèn. Se responsabiltè final pasyan/Garan an pou li pran enfòmasyon epi peye tout bòdwo li dwe atan pou swen Lopital la ba li, ak tout kotizasyon, kowasirans ak franchiz aktyèl.

A. Depo/Responsabiltè Finansye Pasyan

- Sèvis Ijans:** Lopital la p ap egzije yon depo avan tretman, oswa pèman Responsabiltè Finansye Pasyan nan men pasyan/Garan kòm kondisyon pou yo resevwa Sèvis Ijans, kèlkeswa kapasite pasyan/Garan an pou li peye.
- Sèvis ki Pa Sèvis Ijans:** Lopital la kapab egzije yon depo avan tretman, oswa pèman Responsabiltè Finansyè Pasyan pou sèvis ospitalizasyon oswa an konsiltasyon ekstèn ki pa ijan nan men yon pasyan/Garan, si pasyan an pa gen ase pwoteksyon pou sèvis yo ap bay la, si li pa gen egzanpsyon pou aksyon rekouvremant, epi li pa t gen kontra Plan Pèman ak Lopital.
- Dispozisyon Espesyal pou Pasyan Ki Kalifye pou Pwoteksyon nan kad Pwogram Health Safety Net:** Nou p ap mande yon pasyan nou konsidere kòm Pasyan ki Pa gen Gwo Revni fè yon depo, sof nan ka sa yo: (a) Yon pasyan nou konsidere kòm Pasyan ki Pa gen Gwo Revni ki gen yon franchiz kapab bezwen fè yon depo jiska 20 % montan franchiz li a, rive jiska \$500; epi (b) Yon pasyan ki kalifye pou Eprèv Medikal ka bezwen fè yon depo jiska 20 % nan kontribisyon li nan Eprèv Medikal li a, rive jiska \$1000. Tout balans ki rete ap tonbe anba kondisyon plan pèman nou etabli nan 101 CMR 613.08

B. Rabè: Rabè sou kont pasyan p ap kalifye pou Health Safety Net epi yo p ap voye yo bay Health Safety Net. Lopital la ofri rabè rive jiska 40 % nan frè a pou pasyan ki pa sou asirans, an fonksyon respè delè pèman, an konfòmite ak Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans. Nou dekri kritè kalifikasyon ak lòt kondisyon an rapò ak rabè nou fè pou pasyan ki pa sou asirans nan Politik Rabè Lopital la pou Pasyan ki Pa sou Asirans ki disponib pou pasyan apati Konseye Finansye Lopital la, epi sou www.childrenshospital.org/financialassistance.

C. Plan Pèman: Sizoka yon pasyan/Garan pa kapab peye bòdwo Lopital la, lè li resevwa li, pou swen nou bay pasyan an, epi nou detèmine pasyan an kòm moun ki pa kalifye pou Health Safety Net oswa lòt pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd Swen Sante Piblik, epi li pa kalifye pou èd finansyè nan Politik Èd

finansyè Lopital la, Lopital la kapab ofri pasyan/Garan an yon aranjman pou li fè pèman sou yon peryòd pwolonje.

1. Lopital la ap ofri Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ak pasyan ki kalifye pou Eprè Medikal ki gen yon balans ki enferyè oswa egal a \$1,000, aprè depo final, yon plan pèman san enterè pandan omwen yon (1) lane, ak yon pèman omwen chak mwa ki pa depase \$25. Nou ap ofri Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ak pasyan ki kalifye pou Eprè Medikal (Medical Hardship) ki gen yon balans ki depase \$1,000, aprè depo final, yon plan pèman san enterè pou de (2) lane. Nan ka sikonstans estwòdinè, nou ap egzaminen demann plan pèman ki depase de (2) lane ka pa ka.
2. Lopital la kapab ofri plan pèman nan yon montan ak dire ki adapte ak sikonstans yo, ka pa ka, pou tout lòt pasyan/Garan, nan ka sikonstans estwòdinè.
3. Jeneralman, Lopital la pa ofri plan pèman ak franchiz pou sèvis pou pasyan an konsiltasyon ekstèn.

Èd pou Aplike pou Èd finansyè

Lopital ap bay pasyan/Garan enfòmasyon konsènan Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik ak lòt pwogram èd finansyè, tankou MassHealth, Connector Care, epi li ap ede yo aplike/ranpli kondisyon kalifikasyon kòm Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni nan kad Règleman Health Safety Net, ak lòt pwogram Medicaid, ak pwogram Èd finansyè ak Pasyan ki Pa sou Asirans Lopital la. Lopital la ap fè efò ki rezonab pou li bay pasyan ak Garan ki gen konsepsyon limite nan Anglè sèvis tradiksyon.

Pasyan/Garan yo dwe bay tout dokiman yo mande pou demann sa yo. Lopital la pa jwe okenn wòl nan detèmine kalifikasyon pou Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik, sa ajans ki responsab admisyon nan pwogram sa yo fè. Se responsab pasyan/Garan an pou li enfòme Lopital la konsènan pwoteksyon ak tout chanjman nan kalifikasyon pasyan an pou pwogram sa yo.

A. Avi Piblik sou Disponibilite Èd finansyè. Lopital la ap afiche pannkat pou enfòme pasyan sou disponibilite èd finansyè ak èd Lopital la ofri pou fasilite pasyan an fè demann pou lòt Pwogram Èd Swen Sante Piblik, epi enfòme yo sou kote nan Lopital la pasyan ak fanmi kapab mande èd sa a. Li ap mete afich sa yo nan zòn kote pasyan entèn, zòn pou pasyan ekstèn, ak nan zòn admisyon/enskripsyon, ni nan biwo d afè pasyan yo abitye itilize.

B. Avi Endividyèl sou Disponibilite Èd finansyè Lopital la ap bay yon avi endividyèl sou disponibilite èd finansyè ak Sèvis Kalifye (jan nou defini sa a nan Règleman Health Safety Net) ak lòt Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik, epi li kapab bay pasyan èd pou aplike pou pwogram sa yo, lè yo mande sa, (i) nan moman enskripsyon pasyan an nan Lopital la; (ii) sou tout bòdwo ak lòt aksyon rekouvremman alekri; ak (iii) lè Lopital la okouran konsènan yon chanjman nan kalifikasyon pasyan an oswa pwoteksyon swen sante li.

C. Aksè Elektwonik pou Kredi ak Rekouvremman ak Lòt Politik. Pasyan /Garan kapab jwenn kopi Politik Kredi ak Rekouvremman sa a, ak Politik Èd finansyè ak Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans Lopital la ak Fondasyon yo, ak Kalkil

AGB li a ak kopi lòt dokiman nou itilize pou enfòmasyon sou disponibilite èd, nan www.childrenshospital.org/financialassistance.

Pratik Bòdwo/Rekouvremman; Detèminasyon Dèt Nou pa Rive Rekipere

Lopital la aplike menm efò pou kontinye bay bòdwo epi fè rekouvremman sou tout kont pasyan ki pa sou asirans menm jan li fè sa pou kont lòt pasyan. Kopi bòdwo estanda Lopital la ak lèt apwobasyon/refi èd finansyè disponib jan nou dekri sa nan Politik Kredi ak Rekouvremman sa a.

A. Detèminasyon Sèvis Kalifye. Lopital la konfòme li ak règleman ak rekòmandasyon Commonwealth of Massachusetts nan administrasyon kalifikasyon reklamasyon nan Health Safety Net ak reklamasyon yo fè nan lòt Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik nan Massachusetts.

Lopital la konfòme li ak egzijans bòdwo aplikab, tankou egzijans règleman Depatman Sante Piblik (Department of Public Health) (105 CMR 130.332) konsènan sèvis espesifik pasyan pa peye oswa reyadmisyon ki te rezilta yon Evènman Grav pou Siyale (Serious Reportable Event, SRE), men se pa sa sèlman. SRE ki pa rive nan Lopital la pa antre nan detèminasyon non-pèman sa a. Lopital la pa mande pèman nonplis pou Sèvis Kalifye li bay yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni oswa pou Sèvis Asirans Garanti li bay pasyan ki enskri nan MassHealth konsènan reklamasyon asirè Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni an te refize peye okòmansman akòz yon erè administratif sou bòdwo Lopital la.

B. Pasyan/Garan Aksyon Rekouvremman Pa Konsène: Lopital la ak Fondasyon yo pa bay bòdwo oswa pa angaje yo nan aksyon rekouvremman konsènan Sèvis ki Nesesè Medikalman li bay yon pasyan ki deklare li:

1. Enskri nan MassHealth, li resevwa avantaj nan pwogram Èd pou Ijans pou Moun Aje Moun ki gen Andikap ak Timoun (Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children) (sof Lopital la kapab bay pasyan sa yo bòdwo pou responsabilite finansyè nan pwogram èd sa yo). Lopital la kapab bay yon pasyan, ki pretann li se yon patisipan nan youn nan pwogram sa yo men ki pa rive pwouve sa, bòdwo alavans; kou Lopital la resevwa yon prèv ki satisfè li ki montre pasyan an se yon patisipan nan youn (1) oswa nan plizyè nan pwogram sa yo, epi kou li resevwa yon demann ki siyen, li dwe kanpe sou aktivite rekouvremman.
2. Yon patisipan nan Plan Sekirite Medikal pou Timoun (Children's Medical Security Plan (CMSP)) kote MAGI MassHealth egal oswa enferyè a 400 % Nivo Povrete Federal. Lopital la kapab bay yon pasyan, ki pretann li se yon patisipan nan CMSP men ki pa rive pwouve sa, bòdwo alavans; kou Lopital la resevwa yon prèv ki satisfè li ki montre pasyan an se yon patisipan nan CMSP, li dwe kanpe sou aktivite rekouvremman.
3. Yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni (apa yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ki resevwa swen dan sèlman) p ap sibi aksyon rekouvremman pou tout Sèvis Kalifye li resevwa sèlman pandan peryòd kote nou te detèmine li se yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni (sof nan kad kotizasyon ak franchiz an rapò ak Sèvis Kalifye sa yo). Lopital la kapab kontinye bay Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni bòdwo pou Sèvis Kalifye nou bay anvan nou te detèmine yo kòm Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni, sèlman aprè sitiyasyon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni an eksipere oswa anile.

4. Yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni (apa yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ki resevwa swen dan sèlman) ki benefisyè MAGI MassHealth oswa Revni Familyal Kontabilizab nan ka Eprèv Medikal (Medical Hardship Family Countable Income) (jan nou dekri li nan 101 CMR 613.04(2)) ki 400% FPL p ap sibi aksyon rekouvremman pou yon pati nan bòdwo la ki depase franchiz Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni a, epi nou kapab ba li bòdwo pou kotizasyon ak franchiz an konfòmite ak règleman leta. Lopital la kapab kontinye bay Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni bòdwo pou Sèvis Kalifye nou bay anvan nou te detèmine yo kòm Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni, men se sèlman aprè estati Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni yo ekspire oswa anile.
5. Yon pasyan ki te kalifye pou Eprèv Medikal (Medical Hardship), an fonksyon montan bòdwo sa a ki depase kontribisyon Eprèv Medikal la (jan nou kalkile li an konfòmite ak règleman Health Safety Net ki aplikab). Si yon reklamasyon nou deja soumèt kòm Ijans pou Dèt Nou Pa Kapab Rekipere vin kalifye pou pèman Eprèv Medikal nan Health Safety Net, Lopital la ap sispann aktivite rekouvremman pou sèvis sa yo.
6. Yon pasyan Lopital la oswa yon Fondasyon te ede aplike pou Eprèv Medikal, si Lopital la oswa Fondasyon an, selon ka a, pa t soumèt demann pasyan an nan senk (5) jou travay aprè demann nan fin fèt epi Lopital la oswa Fondasyon an bay pasyan/Garan an tout dokiman li mande, konsènan tout bòdwo ki ta ka kalifye pou pèman Eprèv Medikal si yo te soumèt demann nan epi yo te apwouve li.

Nou pa retire Pasyan ki Pa gen Gwo Revni anba mezi rekouvremman sof pou Sèvis Kalifye nou bay sou demann pasyan/Garan an ak Sèvis Kalifye pasyan/Garan an aksepte pran chaj; a kondisyon nou pa bay Pasyan ki Pa gen Gwo Revni bòdwo pou reklamasyon an rapò ak yon erè medical oswa pou reklamasyon asirè prensipal la rejte akoz yon erè administratif oswa an rapò ak bòdwo. Lopital la ap jwenn konsantman pasyan/Garan an alekri pou nou bay bòdwo pou sèvis sa yo.

Sou demann yon pasyan, Lopital la oswa Fondasyon an, selon ka a, kapab bay yon Pasyan ki Pa gen Gwo Revni bòdwo pou pèmèt pasyan sa a peye yon sèl franchiz CommonHealth egzije a.

C. Premye Bòdwo: Sof pou pasyan aksyon rekouvremman pa konsène, jan nou dekri sa pi wo a, Lopital la ap bay pasyan/Garan an oswa yon lòt enstans espesifikyon yon premye bòdwo.

D. Suivi Konsènan Rekouvremman: Lopital la fè apèl a ajans ekstèn pou fè aktivite rekouvremman sou kont otofinansman, epi li trete ajans sa yo an konfòmite ak nòm ki defini nan politik Sèvis Finansye Pasyan Lopital la konsènan pratik rekouvremman ki ann aplikasyon tanzantan, sa ki dwe an konfòmite ak Politik Kredi ak Rekouvremman sa a. Tout kont pasyan nou pa retire anba mezi rekouvremman ap sou mezi rekouvremman pèmanan epi yo ap sibi twa (3) mezi rekouvremman pou pi piti. Aksyon rekouvremman Lopital la oswa ajan deziyen li yo kapab se, pou nou site sa yo sèlman:

1. Premye bòdwo nou voye bay pasyan/Garan an ak tout lòt enstans oswa enstans ki responsab dèt finansye pasyan an;
2. Relve bòdwo anplis (nou voye chak 30 jou aprè nou detèmine yon responsabilite pou otofinansman)
3. Lèt suivi (nou voye pa imèl premye klas oswa imèl sètifye);

4. Apèl telefonik, avi elektwonik (paregzanp apati adrès imèl), avi kontak pèsònèl;
5. Avi final pou balans ki depase \$1,000 (nou voye pa imèl sètifye); ak
6. Reyinyon ak Garan oswa lòt responsab.

Lopital la ap gen yon dosye pou chak pasyan ki ap gen tout dokiman an rapò ak efò rekouvremman Lopital la, tankou kopi bòdwo, lèt suivi, rapò sou kontak telefonik ak pèsònèl ak lòt efò li fè.

E. Kourye yo Retounen: Nou ap mennen ankèt sou kont yo retounen kourye pou yo pou nou lokalize pasyan an ak/oswa Garan an. Efò pou jwenn yon adrès ki resan se, omwen:

1. Egzamen tout dosye ak randevou entèn pou detèmine si nou jwenn yon adrès ki pi resan;
2. Kontak ak nenpòt fanmi oswa zanmi nou konnen; ak
3. Egzamen anyè telefòn aktyèl.

Lopital la kapab angaje ajans, vandè ak lòt pwofesyonèl pou fè plis rechèch. Nou ap dokimante efò pou lokalize antite ki responsab dèt la oswa adrès kòrèk sou bòdwo yo retounen kòm "adrès enkòrèk" oswa "ki pa livrab".

F. Fayit: Lè nou resevwa notifikasyon legal konsènan fayit pasyan/Garan an, nou ak kanpe aktivite rekouvremman epi nou ap ajiste kont lan. Ka fayit p ap kalifye pou Health Safety Net epi nou p ap soumèt yo bay Health Safety Net.

G. Detèminasyon Dèt Nou Pa Rive Rekipere Aprè efò rezonab pou rekouvremman an pa abouti a pèman frè sou yon kont, nou kapab klase balans kont lan kòm dèt nou pa rive rekipere an konfòm ak Politik Kredi ak Rekouvremman sa a ak tout lòt politik depatman finans ki aplikab (ki ap konfòm ak Politik Kredi ak Rekouvremman sa a); a kondisyon yo pa antre Responsabilite Finansye Pasyan nan Dèt Nou Pa Rive Rekipere nan objektif pou fè reklamasyon nan kad Health Safety Net.

Kondisyon pou Detèminasyon Imedyat Dèt Nou Pa Rive Rekipere: Lè nou jwenn enfòmasyon pou deziyen yon kont kòm dèt nou pa rive rekipere nenpòt ki lè pandan suivi pwosesis rekouvremman an, nou kapab konsidere kont lan imedyatman kòm dèt nou pa rive rekipere san okenn aksyon rekouvremman anplis. Nan kategori sa a nou jwenn:

1. Tantativ san siksè pou eseye idantifye kòz ki fè livrezon nan kouye lapòs la pa te fèt pou kourye yo retounen kòm kourye ki pa ka livre a. Yo klase kont kourye ki pa ka livre oswa "move adrès" pa kategori pou pèsònèl Sèvis Finansye Pasyan kapab fè suivi sou yo epi fè rechèch adrès/kontak kòrèk anvan yo mete kont lan nan yon sitiyasyon dèt ki pa rive rekipere.
2. Tantativ san siksè pou idantifye yon nimewo telefòn ki an fonksyon aprè telefòn pasyan/garan an te dekonekte.
3. Avi alekri oswa aloral sou refi oswa retisans pasyan/Garan an pou li peye.
4. Resepsyon yon avi ofisyèl yon asirè oswa yon lòt peyè responsab ki deklare li te peye abone a sèvis yo, epi omwen yo te fè tantativ pou kontakte pasyan/Garan an aprè avi asirè/lòt peyè responsab sa a.

H. Bòdwo Dèt Nou Pa Rive Rekipere pou Sèvis Ijans nan Health Safety Net: Anplis pratik rekouvremman nou dekri pi wo a, Lopital la ap voye yon lèt sètifye

bay nenpòt pasyan (sof avi yo retounen kòm "pa livrab" oswa "adrès ki pa kòrèk" pou yon pasyan) ki gen yon balans li poko peye ki plis pase \$1,000 nan Sèvis Ijans ak sèvis ki gen rapò ak ijans anvan nou bay Health Safety Net bòdwo pou balans lan. Yo p ap retire bòdwo sou balans ki sou kont lan nan Health Safety Net, sof si yo pa peye bòdwo la rive depase 120 jou apati dat premye avi konsènan bòdwo la. Nou ap dokimante efò rezonab pou fè rekouvremman pandan peryòd sa a nan dosye finansye pasyan an. Pou sèvis nou bay yon pasyan ki pa asire, pèsònèl Sèvis Finansye Pasyan ap valide, apati sistèm verifikasyon kalifikasyon MassHealth la, pasyan an pa kalifye oswa li pa soumèt demann pou MassHealth, epi pasyan an pa yon Pasyan ki Pa gen Gwo Revni.

I. Efò Rekouvremman Estwòdinè ak Ekzekisyon Legal: An jeneral, Lopital la pa antreprann "aksyon rekouvremman estwòdinè". Aksyon rekouvremman estwòdinè se vann lòt pwofesyonèl oswa antite dèt la, rapòte enfòmasyon negatif sou yon moun bay yon ajans ransèyman sou kredi pou konsomasyon oswa biwo kredi, retade oswa refize swen ki nesèsè medikalman, oswa egzije pèman alavans pou bay swen ki nesèsè medikalman paske yon moun pa peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen nou te ba li alavans nan kad politik Èd finansyè Lopital la, mete yon reklamasyon legal oswa yon dwa sezi sou rezidans pèsònèl oswa pwopriyete otomobil yon moun, sezi salè, epi/oswa depoze yon plent kont li. Tout desizyon pou fè aksyon rekouvremman mande yon vòt Konsèy Administrasyon an. Lopital la ak ajan li yo ta oblije demontre Konsèy Administrasyon an efò rezonab yo te fè pou detèmine kalifikasyon yon pasyan pou asistans nan kad Èd finansyè Lopital la li a anvan pou yo rekòmande li aksyon rekouvremman estwòdinè. Nou pa ta kòmanse Aksyon Rekouvremman Estwòdinè anvan 120 jou omwen apre dat Lopital la bay premye relve bòdwo aprè egzayat pou swen an, epi sa t ap mande pou nou demontre nou te bay pasyan an notifikasyon alekri sou disponiblite èd finansyè 30 jou omwen anvan ekzekisyon an. Notifikasyon alekri a ta dwe endike tou aktivite rekouvremman estwòdinè Lopital la ta gen entansyon kòmanse, ansanm ak yon dat aktivite a ap demare. Nan ka ekzekisyon aksyon rekouvremman estwòdinè, Lopital la ta kanpe tout aksyon si li resevwa yon Demann Èd finansyè. Yon demann konsa ka mande yon peryòd egzamen ki pa depase 30 jou.

J. Aksidan nan Kondui: Lopital la ap soumèt yon reklamasyon pou Sèvis Kalifye li bay yon Pasyan ki Pa gen Gwo Revni ki blese nan yon aksidan nan kondui sèlman si (1) li te verifye si pasyan an, chofè a, ak/oswa pwopriyete lòt veyikil ta te gen yon kontra responsabilite veyikil; (2) li te fè tout efò pou jwenn enfòmasyon sou lòt peyè a nan men pasyan an; (3) li te konsève prèv efò sa yo, tankou dokiman apèl telefonik ak lèt li voye bay pasyan an; epi (4) lè sa aplikab, li te soumèt asirè responsabilite veyikil la yon reklamasyon pèman kòrèkteman. Pou aksidan nan kondui ak tout lòt rekouvremman sou reklamasyon nou te bay bòdwo Health Safety Net pou yo deja, Lopital la ap bay Biwo Health Safety Net rapò sou tout rekouvremman. Reklamasyon pou Sèvis Kalifye ap ekilibre rekouvremman an.

Lopital la ap dokimante aktivite ki enplike nan klasifikasyon ak deklarasyon yon kont kòm dèt nou pa rive rekipere. Kòm Lopital la gen yon sistèm "san papyè" pou jere ni kont pou pasyan ki entènè ni kont pasyan ekstèn, nou kapab konsève dokimantasyon aktivite pou sèvis sa yo nan sistèm enfòmasyon Lopital la sou fòm nòt konplè olye sou papyè.

Dwa ak Responsabilite Pasyan

- A.** Lopital la ap konseye pasyan konsènan dwa yo pou yo:
1. aplike pou MassHealth, Pwogram Pèm Èd pou Prim Health Connector Jere (Premium Assistance Payment Program Operated by the Health Connector), yon Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan), detèminasyon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ak Eprèv Medikal (Medical Hardship); ak
 2. yon plan pèman, jan li dekri nan Règleman Kredi ak Koleksyon sa a ak règleman aplikab yo, si yo detèmine pasyan an kòm yon Pasyan Revni Fèb oswa pasyan an kalifye pou Eprèv Medikal. **B.** Yon pasyan ki resevwa Sèvis Kalifye dwe:
 1. bay tout dokiman yo mande yo;
 2. enfòmasyon MassHealth konsènan tout chanjman nan MAGI MassHealth oswa Revni Kontab Fanmi nan Medical Hardship (jan yo dekri li nan Règleman Health Safety Net) oswa nan estati asirans, tankou revni, eritaj, don ak lòt distribisyon kredi, disponibilite asirans sante ak responsabilite sivil pou nou site sa yo sèlman.
 3. swiv franchiz pasyan an epi bay Lopital la dokiman ki montre nou te jwenn franchiz la lè nu detèmine gen plis pase yon sèl manm fanmi an kòm yon Pasyan ki Pa gen Gwo Revni oswa si plis pase yon sèl pwofesyonèl bay pasyan an oswa manm fanmi pasyan an Sèvis Kalifye; epi
 4. enfòmasyon Biwo Health Safety Net oswa Ajans MassHealth lè pasyan an enplike nan aksidan, oswa li gen yon maladi oswa blese, oswa tout lòt pèt ki gen pou konsekans oswa ta gen pou konsekans yon pousuit jidisyèl oswa yon reklamasyon asirans. Pasyan an dwe:
 - a. depoze yon demann dedomajman, si sa disponib; epi
 - b. aksepte konfòm li ak tout egzijans M.G.L. c. 118E, tankou, pou nou site sa yo sèlman:
 - (1) bay Biwo Health Safety Net dwa pou li rekipere yon montan ki egal ak pèman Health Safety Net la a kondisyon li soti nan pwosede reklamasyon oswa lòt pwosede kont lòt moun;
 - (2) bay enfòmasyon sou reklamasyon oswa tout lòt pwosedi, epi kopere nèt ak Biwo Health Safety Net oswa ak moun li deziyen, sof si Biwo Health Safety Net detèmine koperasyon sa a ka pa nan enterè pasyan an oswa sa ka debouche sou konsekans grav oswa sou yon defisyan emosyonèl;
 - (3) enfòmasyon Biwo Health Safety Net oswa Ajans MassHealth, alekri, nan 10 jou aprè li fin depoze tout reklamasyon, aksyon sivil oswa lòt pwosedi; epi
 - (4) ranbouse Health Safety Net lajan li te resevwa nan men yon lòt enstans pou tout Sèvis Kalifye Health Safety Net te bay nan dat aksidan an oswa aprè oswa lòt ensidan aprè li vin yon Pasyan Ki Pa gen Gwo Revni pou pèman Health Safety Net, a kondisyon se sèlman pèman Health Safety Net te bay akòz aksidan an oswa lòt ensidan nou ap ranbouse.

Publikasyon/Disponibilite Politik Kredi ak Rekouvremant, Lis Afilye Pwofesyonèl, Bòdwo

ak Lèt Apwobasyon/Refi, Politik Èd finansyè ak Rezime nan Langaj Senp, Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans, ak Kalkil Montan nou Faktire Jeneralman.

A. Pasyan, Garan ak lòt manm piblik la kapab jwenn yon kopi Politik Kredi ak Rekouvreman sa a, Lis Afilye Pwofesyonèl, Bòdwo ak Lèt Apwobasyon/Refi, Politik Èd finansyè ak Rezime nan Langaj Senp, Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans, ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman gratis apati nenpòt nan metòd sa yo:

1. Piblikasyon sou Entènèt: Politik Kredi ak Rekouvreman sa a ak lòt dokiman disponib anliy sou:
www.childrenshospital.org/financialassistance.
2. An Pèsòn: Kopi (i) Politik Kredi ak Rekouvreman an, (ii) Lis Afilye Pwofesyonèl la, (iii) kopi bòdwo ak lèt apwobasyon/refi, politik èd finansyè, (iv) Politik Èd finansyè a ak yon Rezime nan Langaj Senp, (v) Kalkil Montan nou Takse Jeneralman an ak (vi) Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans la Lopital la disponib sou fòm papyè nan etablisman Lopital la ki chita nan 300 Longwood Avenue, Boston, MA, Farley Building sal 160. 3. Pa Lapòs: Piblik la kapab mande kopi dokiman sa yo pa imèl lè li rele Sèvis Kliyantèl Sèvis Finansye pou Pasyan nan (617)-355-3397 ak/oswa sèvis Konsèy Finansye pou Pasyan nan 617-355-7201.

B. Tradiksyon Politik Kredi ak Rekouvreman sa a, Politik Èd finansyè, Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp lan, Aplikasyon pou Èd finansyè a, Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans lan ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman an nan lang etranje disponib nan plizyè lang pou ede moun ki gen konesans limite nan anglè. C. Kominikasyon Souplis: Lopital la ap fè efò pou li kominike politik Kredi ak Rekouvreman li a apati plizyè metòd.

1. Li ap plase pannkat nan zòn ospitalizasyon, klinik ak admisyon/enskripsyon, sou disponiblite èd finansyè ak politik Kredi ak Rekouvreman li a.
2. Li ap plase afich oswa li ap pran lòt mezi ki byen kalkile pou attire atansyon vizitè yon fason ki vizib nan divès kote nan Lopital la, tankou nan zòn ospitalizasyon, klinik ak admisyon/enskripsyon, pou nou site sa yo sèlman.
3. Li ap ofri tout pasyan kopi Politik Kredi ak Rekouvreman sa a, swan an moman admisyon oswa nan kad pwosesis egzemat.

Dokiman, Politik ak Pwogram Siplemanntè/Konèks

1. Lis Afilye Pwofesyonèl
2. Echantiyon bòdwo ak lèt apwobasyon/refi èd finansyè
3. Politik Èd finansyè
4. Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp
5. Aplikasyon pou Èd finansyè
6. Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans
7. Pwogram Èd finansyè pou Pasyan Entènasyonal

Atribisyon Dokiman an

Tit	Politik Kredi ak Rekouvremen		
Otè	Direktè Konfòmite ak Règlemantasyon Fiskal ak Finansye	Dat Li Antre ann Aplikasyon	9/30/2016
Revize/ Enstans ki Revize li	Vis Prezidan Sèvis Finansye pou Pasyan, Boston Children's Hospital Direktè Finansye, Boston Children's Hospital Vis Prezidan Prensipal ak Avoka Jeneral, Boston Children's Hospital	Dat Revizyon/ Revize:	12/7/2021 12/10/2021
Apwouve	12/20/2021	Effective Dates	1/1/2022
	Konsèy Administrasyon Boston Children's Hospital		